



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 19 fevriye 2015

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$28 MILLION DOLA POU PWOTEKSYON INONDASYON NAN AYEWOPÓ
LAGUARDIA**

***Finansman FEMA pral kouvri konstriksyon miray soutènman apre-Sandy, gravite drenaj yo ak
amelyore sistèm elektrik la***

Governor Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Ajans Jesyon Ijans Federal la te apwouve plis pase \$28 milyon nan fon Pwogram Konpetitif Sibvansyon Rediksyon Danje pou ede Ayewopò LaGuarda reponn a kontwòl inondasyon apre gwo tanpèt Sandy ak inisyativ rezistans ak plis pwoteje awayopò a kont pwochen gwo tanpèt yo.

“Siklòn Sandy te koze domaj enpòtan nan Ayewopò LaGuarda, men jodia nap pran yon etap enpòtan nan direksyon pou ranfòse enfrastrikti l kidonk lap pi rezistan pase anvan,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Pou fè fas a nouvo modèl move tan, nou dwe asire ke sant transpòtasyon enpòtan ak motè ekonomik tankou Ayewopò LaGuardia pare pou pwochen gwo tanpèt la. Sa a se yon lòt egzanp sou kijan Eta ak patnè federal nou yo ap bati yon New York ki pi ansekirite ak solid.”

Teren avyasyon Ayewopò LaGuardia te sibi inondasyon grav nan dlo ki tap monte ki te adjasan a Flushing Bay pandan gwo tanpèt Sandy tap frape rejyon an. Domaj ki te fèt nan enfrastrikti elektrik teren avyasyon an te fòse pou fèmen ayewopò a pou twa jou, sa ki te deranje plizyè milye vwayajè e li te koute rejyon an plizyè milyon dola nan aktivite ekonomik ki te pèdi.

Plizyè inisyativ pou pwoteje pis aterisaj teren avyasyon an, sistèm elektrik ak ekipman ayewonotik ki enpòtan ke yo te deja enpleman depi tanpèt 2012 mwa oktòb la. Nouvo sibvansyon \$28,148,625 FEMA se yon adisyon a prim FEMA anvan ki te \$2,325,000 nan sibvansyon pou premye faz pwogram lan, sa ki pote depans total federal pou pwogram nan a preske \$30.5 milyon.

Direktè Port Authority Pat Foye te deklare, “Nou dwe fè tout sa nou kapab pou asire ke LaGuardia ka reziste a move tan epi reprann operasyon vòl yo osi rapidman ke posib,” te deklare Direktè Egzekitif Port Authority Pat Foye. “Nou remèsye Gouvènè a pou lidèchip li nan ede garanti plis pase \$30 milyon nan

finansman federal pou konstri nouvo miray soutènman pou inondasyon, sistèm drenaj ak amelyore sistèm elektrik ki pral ede kenbe LaGuardia ouvè pou biznis.”

Senatè Charles E. Schumer te deklare, “Kòm yon gwo ayewopò nan vil New York, li absoliman nesèsè ke LaGuardia ekipe avèk mezi rezistans ak kontwòl dega ki nesèsè pou pwoteje teren avyasyon an sizoka gen yon pwochen tanpèt. Mwen kontan paske plis pase \$30 milyon dola nan finansman federal pou kontwòl danje pral ede konstwi yon soutènman, devlope gravite sistèm drenaj, mete ajou rezèv elektrik sou estasyon yo, epi amelyore ak enstale dèko sekou nan tout ayewopò a. Envesti nan mezi prevansyon inondasyon nan Ayewopò LaGuardia se bagay entelijan ki dwe fèt kidonk vòl nan zòn twa eta yo pa kanpe totalman pou plizyè jou apre pwochen gwo tanpèt la fin pase.”

Senatè Kirsten E. Gillibrand te deklare, “Ayewopò La Guardia se yon sant enpòtan pou Nouyòkè yo ak ekonomi touris nou an, e investisman sa a pral ede asire ke li kapab reziste pwochen tanpèt la,” te deklare Senatè Gillibrand. “Kòm New York ap kontinye rebati apre gwo tanpèt Sandy, mwen pral asire ke FEMA ansanm avèk ajans federal nou yo ka reponn ak bay resous kominote nou yo bezwen.”

Depite Nita M. Lowey te deklare, “LaGuardia ak lòt enfrastrikti transpòtasyon enpòtan dwe anmezi pou reziste a pwochen tanpèt yo. Lajan FEMA sa pral redwi chaj sou kontribyab New York yo ki rebondi enkwayableman apre devastasyon Sandy. Antanke yon manm ki la lontan nan Komite Afektasyon Chanm lan, Mwen fyè dèske mwen te dirije lit pou garanti èd federal pou rekipasyon apre Sandy, e mwen pral kontinye travay avèk Gouvènè a pou asire ke yo satisfè bezwen rezistans ak rekipasyon New York.”

Depite Carolyn B. Maloney te deklare, “Sandy te montre nou ke nou gen yon wout long pou nou fè nan ranfòse enfrastrikti nou kidonk li ka reziste a nenpòte dezast ke lanati gen an rezèv. Renovasyon sa yo nan LaGuardia mete nou nan yon gwo etap pwogrè, kidonk pwochen fwa nap pi byen prepare.”

Depite Joe Crowley te deklare, “Pandan nap kontinye ede kominote yo toupatou nan New York rekipere nan enpak devastatè siklòn Sandy, li egalman osi enpòtan pou fè investisman ki nesèsè anpil nan enfrastrikti nou pou asire ke vil nou an prepare pou fè fas a difikilte nenpòt pwochen tanpèt. Pa gen kesyon ke youn nan investisman sa yo dwe gen ladan Ayewopò LaGuardia, sa ki sèvi plizyè dizèn milye pasaje pa you e ki kontribye grandman nan ekonomi lokal nou an. Mwen remèsye Gouvènè a pou èd li nan garanti finansman sa ki nesèsè anpil ki pral ede asire ke LaGuardia non sèlman siviv yon pwochen tanpèt, men li ka kontinye pwosepre apre pasaj li.”

Depite Grace Meng te deklare, "Finansman enpòtan sa yo se yon gwo kout men pou asire ke LaGuardia prepare pou pwochen tanpèt yo ak kondisyon meteyolojik ekstrèm. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak FEMA pou tout travay yo, e mwen kontan dèske m ede anonse inisyativ enpòtan sa yo."

Pwojè yo, sa ki te jwenn apwobasyon Port Authority New York ak Konsèy Komisyonè yo nan New Jersey se:

- Konstriksyon yon miray soutènman ak sistèm ponpaj dlo lapli nan sou-estasyon elektrik nan fen pati lwès ayewopò a ak vout ekleraj la.
- Devlopman gravite de sistèm drenaj sou teren avyasyon an pou fè amelyorasyon nan retire dlo sizoka gen yon inondasyon.
- Renovasyon pou pote sistèm rezèv sou-estasyon elektrik yo nan sistèm elektrik prensipal la. Travay sa a fèt pou amelyore efò pèsònèl la pou kontwòle pwoblèm ak amelyore repons nan entèripsyon oswa lòt pwoblèm itilizasyon.
- Amelyorasyon nan dèlko ijans ki egziste deja ak enstalasyon nouvo dèlko sekou nan tout ayewopò a pou bay alimantasyon kouran sizoka ta gen yon pwoblèm nan sistèm elektrik la.

Pwojè sa yo koresponn ak rekòmandasyon ki prezante nan Rapò Komisyon NYS 2100 Gouvènè Cuomo te kòmande a. Rapò 2100 an te prezante spesifikman pwoteksyon enfrastrikti ayewopò enpòtan atravè mezi pou kontwòle inondasyon ak rezistans sistèm kouran elektrik.

Ayewopò LaGuardia se yon enstalasyon enpòtan anpil pou rejyon New York, ki anwaye dirèkteman 10,000 moun epi kontribiye pou plis pase \$13 milya nan aktivite ekonomik total nan rejyon an. Sipè Ouragan Sandy te gen yon enpak grav sou LaGuardia, ak plis pase 100 milyon galon dlo ki soti nan Flushing Bay pou inonde ayewodròm lan, sa ki te sispann operasyon vòl komèsyal nan ayewopò a pandan twa jou. Genyen apeprè 250.000 pasaje ki pa te kapab pran vòl ki te pwograme pandan siklòn lan ak touswit apre pasaj li.

Anplis de sibvansyon FEMA ki kouvri jiska 75 pousan nan planifikasyon, konsepsyon ak depans konstriksyon, rès depans ke yo espere ranbouse atravè peman admisib frè vòl yo nan LaGuardia. Ranbousman FEMA de \$30.5 milyon dola baze sou \$40.6 milyon nan depans ki elijib pou Port Authority. Ranbousman federal pa aplikab pou yon fon adisyonèl preske \$5 milyon dola Port Authority te mete apa pou pwojè enprevi ansanm avèk lòt depans akseswa ajans lan.

Yo pral pwokire kontra konstriksyon pou pwojè sa yo atravè apèl d'òf piblik anonse / pwosesis òf ki ba.

Travay pwojè a espere pou l kontinye jiska nan fen 2016, avèk yon total enpak ekonomik ki estime a 220 djòb-ane, \$13.1 milyon nan salè ak \$66 milyon nan aktivite ekonomik.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.841